

**DEKLARASYON POU SANT KONTWÒL AK PREVANSYON MALADI
SOU SISPANSYON TANPORÈ
LÒD DEGÈPISMAN POU ANPECHE COVID-19 PWOPAJE PI PLIS**

Deklarasyon sa a se pou lokatè yo, lokatè ki siyen bay yo oswa rezidan ki nan pwopriyete rezidansyèl ki benefisye pwoteksyon lòd CDC sou sispansyon tanporè lòd degèpisman yo (sezi sou ipotèk pa ladann) pou anpeche COVID-19 pwopaje pi plis. Selon lòd CDC a, fòk ou remèt mèt kay kote w rete a, mèt pwopriyete rezidansyèl kote w rete a, oswa lòt moun ki gen dwa fè w degèpi oswa ki gen dwa pou fè w soti kote w rete a, yon kopi deklarasyon sa a. Chak adilt ki gen non l make sou bay la, sou kontra lokasyon an oswa sou kontra lojman an, dwe ranpli deklarasyon sa a. Sepandan fòk ou toujou peye lwaye ak suiv tout lòt kondisyon ki gen nan bay ou a ak règleman kote w rete a. Epitou yo ka toujou fè w degèpi kanmenm pou lòt rezon apade pa peye lwaye oswa fè yon peman lojman.

Mwen sètifye sou penn fo temwayaj ke enfòmasyon suivan an se laverite e li kòrèk:

- Si yo fè m degèpi, gen anpil chans map vin sanzabri, map bezwen ale nan yon azil pou sanzabri, oswa map bezwen ale nan yon nouvo rezidans ki gen lòt moun ki viv youn toupre ak lòt paske mwen pa gen okenn lòt chwa lojman ki disponib.
- Mwen antisipe ke swa mwen pral fè pa plis ke \$99,000 kòm revni anyèl pou Ane Sivil 2020 an (oswa pa plis ke \$198,000 si m fè deklarasyon revni konjwen), mwen pat oblije rapòte okenn revni bay Sèvis Revni Entèn Ameriken (U.S. Internal Revenue Service) nan lane 2019, oswa mwen te resevwa yon Peman Enpak Ekonomik (chèk estimilis) selon Atik 2201 nan Lwa CARES la;
- Mwen te fè tout sa m te kapab pou m te ka jwenn tout èd gouvènman ki te disponib pou lwaye oswa lojman;
- Mwen pa ka peye tout kòb pou lwaye mwen oswa mwen pa ka peye tout kòb pou lojman m poutèt gwo pèt revni fwaye a, poutèt mwen vin gen mwens lè peye nan travay la, poutèt yo leyòf mwen oswa poutèt depans medikal ekstrawòdinè ki sot nan pòch mwen; epi
- Map fè tout sa m kapab pou m fè peman pasyèl alè ki prèske egal ak montan peman total la depi sikonstans endividyèl yo pèmèt mwen fè sa, etan map teni kont tou de lòt depans obligatwa mwen genyen yo.

Siyati Deklaran an

Dat

- Lè mwen tcheke kaz sa a, mwen konnen ke lè mwen tape non mwen, li ranplase ofisyèlman siyati m sou dokiman sa a.

Siyati elektwonik akseptab konfòmman ak Lòd Mizajou Tribinal Jistis Siprèm lan ki Otorize Avoka ak Pati ki Reprezante Tèt yo Itilize Siyati Elektwonik An Referans ak: Pandemi COVID-19 (Kowonaviris).

TANPRI REMAKE: Chak adilt ki sou bay la ak/oswa ki rete nan inite a dwe ranpli fòm sa a. Lè ou fin ranpli l, fòk ou remèt li bay mèt kay la oswa bay manadjè pwopriyete a. Tanpri, pa bliye remèt mèt kay la tradiksyon angle fòm sa a, ansanm ak vèsyon w siyen an. Epitou ou dwe kenbe yon kopi pou pwòp achiv ou.

**DECLARATION FOR THE CENTERS FOR DISEASE CONTROL
AND PREVENTION'S TEMPORARY
HALT IN EVICTIONS TO PREVENT FURTHER SPREAD OF COVID-19**

This declaration is for tenants, lessees, or residents of residential properties who are covered by the CDC's order temporarily halting residential evictions (not including foreclosures on home mortgages) to prevent the further spread of COVID-19. Under the CDC's order you must provide a copy of this declaration to your landlord, owner of the residential property where you live, or other person who has a right to have you evicted or removed from where you live. Each adult listed on the lease, rental agreement, or housing contract should complete this declaration. You are still required to pay rent and follow all the other terms of your lease and rules of the place where you live. You may also still be evicted for reasons other than not paying rent or making a housing payment.

I certify under penalty of perjury that the foregoing are true and correct:

- If evicted I would likely become homeless, need to move into a homeless shelter, or need to move into a new residence shared by other people who live in close quarters because I have no other available housing options.
- I either expect to earn no more than \$99,000 in annual income for Calendar Year 2020 (or no more than \$198,000 if filing a joint tax return), was not required to report any income in 2019 to the U.S. Internal Revenue Service, or received an Economic Impact Payment (stimulus check) pursuant to Section 2201 of the CARES Act;
- I have used best efforts to obtain all available government assistance for rent or housing;
- I am unable to pay my full rent or make a full housing payment due to substantial loss of household income, loss of compensable hours of work or wages, lay-offs, or extraordinary out-of-pocket medical expenses; and
- I am using best efforts to make timely partial payments that are as close to the full payment as the individual's circumstances may permit, taking into account other non-discretionary expenses.